

# Kesyon pou Elèv

## Kat Konvèsasyon pou Bati Konfyans

**Objektif:** Objektif resous sa a se pou genyen lide pou kesyon ke edikatè yo ka itilize avèk elèv miltileng yo pou ede yo bati konfyans ak relasyon ki gen kolaborasyon avèk yo. Sa pa yon lis kesyon ki konplè men se sèlman yon lis lide. Kesyon yo la pou kapab itilize yo avèk Modèl Kat Konvèsasyon WIDA a.

**Enstriksyon:** Chwazi kèk kesyon ki pi byen adapte ak kontèks ou an oswa kreye pwòp kesyon w. Ou pa bezwen itilize tout kesyon yo. Ekri kesyon ou ta renmen itilize nan Modèl Kat Konvèsasyon an, epi apre sa enprime m pou konvèsasyon ou an. Pa egzanp, yo te ka itilize kat konvèsasyon yo pandan yon rankont nan maten, yon konvèsasyon an sal prezans lan, nan saldeklas la, yon pòt ouvèt, yon vizit adomisil, oswa yon lòt evenman fòmèl oswa enfòmèl oswa yon konvèsasyon.

### Konsiderasyon pou Itilize Avèk Elèv yo, Fanmi, ak Manm Kominotè yo

- **Aktyèl nivo konfyans:** Konsidere pwen fò relasyon w yo pandan w ap itilize ak pataje kat konvèsasyon yo. Lè w enpoze yon fòma kesyon ak repons nan premye entèrakson avèk elèv yo, fanmi, ak manm kominotè yo sa kapab kreye presyon yon fason ki pa entansyonèl, sa ki fè yo santi yo pa alèz olye yo santi soutyen.
- **Konfyans manifeste nan divès fason:** Panse ak ti jès ki fè elèv miltileng yo, fanmi, ak manm kominotè yo santi yo byenvini epi valorize. Itilize salitasyon ki senp nan lang matènèl yo. Pataje pwòp eksperians ou yo si ou se yon elèv Anglè oswa yon migran; eksprime imilite, valè nan lang fanmi yo, ak yon pozisyon aprantisaj si w pa sa. Sa ede konstwi anpati ak kapasite idantifikasyon. Menm ti efò yo ka kontribye anpil pou yo kapab santi yo konsidere yo.
- **Konfyans manifeste ak letan:** Montre ke ou ouvè epi akeyan, epi valorize nivo angajman elèv miltileng yo, fanmi ak manm kominotè yo. Sa vle di koute istwa ak bezwen yo, reponn fidbak ak lide yo, konekte nan lye yo prefere yo, epi ofri opòtinite pou kolabore. Fè relasyon-konstwi yon pratik kontini.

# Kesyon pou Edikatè yo Itilize Avèk Elèv yo

## Kòmansman Konstriksyon yon Relasyon

1. Tanpri pataje yon ti kras sou ou.
  - a. Ki kalite bagay ou renmen fè?
  - b. Kisa ou vrèman fyè de li oswa kontan konsènan yo kounye a?
2. Tanpri pataje yon ti kras konsènan fanmi w ak kominote w.
  - a. Kisa ki rann fanmi w oswa kominote w la espesyal pou ou?
3. Èske w te ka di lang ou pale yo (lakay ou, nan kominote a, ak nan lekòl la)?
  - a. Kisa ou renmen de lè ou pale plis pase yon lang? Kijan sa ede w lè w pale plis pase yon lang? Èske genyen nenpòt bagay ki difisil konsènan sa?
  - b. Ki jan ou itilize lang matènèl ou (yo) nan lekòl la?
4. Èske w ka pale m de lekòl ou?
  - a. Kisa ou renmen konsènan lekòl la? Ki matyè ou pi renmen? Poukisa?
  - b. Kisa ki difisil? Kisa ki itil pou ou lè yon bagay difisil?
  - c. Ki kalite bagay ki fè w santi w byenvini nan klas oswa nan lekòl ou an?
  - d. Ki jan lekòl la oswa pwofesè w yo ki gen ladan antedesan lengistik, antedesan kiltirèl, oswa lavi fanmi nan klas ou yo ak nan lekòl la?
  - e. Èske te janm fè eksperyans negatif nan lekòl la ki konekte ak lang ou, kilti, oswa lavi familyal ou? Ki jan nou ka ede w asire ke sa pa rive ankò?
5. Dekri saldeklas pafè ou an nan lekòl la. Ak kisa li t ap sanble oswa ki jan li t ap ye?

## Konstriksyon Relasyon ki ap Kontinye

1. Kisa k ap pase avèk \_\_\_\_? (Note yon bagay espesifik ou te diskite sou li nan pase.)
2. Èske genyen yon bagay nouvo ou ta renmen pale sou li avèk \_\_\_\_? (Note yon bagay espesifik ou te pale sou li nan pase.)
3. Ki lòt fason mwen ka sipòte w?